

# Tretman akselere pou patnè a (Expedited Partner Therapy, EPT) pou trikomonaz:

## Yon gid pou patnè ki te resevwa metwonidazòl



### Poukisa mwen resevwa preskripsyon oswa medikaman sa a?

Doktè dekouvri youn nan patnè seksyèl ou yo gen trikomonaz, yon enfeksyon ki pwopaje lè moun ap fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen. Yon pwofesyonèl swen sante bay patnè seksyèl ou a yon preskripsyon oswa medikaman pou li ba ou pou w ka trete trikomonaz. Epi tou, ou bezwen swiv tretman pou w pa gen gwo pwoblèm sante, pou pa re enfekte patnè seksyèl ou a (yo) oswa pou pa bay lòt moun enfeksyon an.



### Kisa trikomonaz ye?

Trikomonaz se yon enfeksyon moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infection, STI) epi ki pwopaje lè moun ap fè sèks nan vajen. Moun ki gen trikomonaz pa santi okenn sentòm jeneralman. Si moun yo santi sentòm, se kapab ekoulman (souvan ak yon move odè), gratèl oswa iritasyon anndan ak ozalantou ògàn jenital yo, peni oswa vajen. Ou ka bay lòt moun trikomonaz menm si w pa santi okenn sentòm.



### Kisa medikaman sa a ye?

Medikaman an rele metwonidazòl (Flagyl). L ap trete enfeksyon trikomonaz ou a men li p ap trete lòt STI yo. Li san danje epi prèske efikas a 100% lè ou pran l jan ou dwe pran l.

Anvan w pran metwonidazòl, pale ak yon pwofesyonèl swen sante si w gen pwoblèm sante grav, depi lontan tankou maladi ren, maladi kè oswa maladi nan fwa.

**Pinga** w pran metwonidazòl si w gen **nepòt** nan bagay sa yo:

- Ou gen doulè anbativant oswa ou gen doulè lè w ap fè sèks.
- W ap vomi oswa ou gen lafyè.
- Antibiyotik yo konn gen move reyaksyon sa yo sou ou (tankou pwoblèm pou respire, kontraksyon pwatrin, gòj bouche, anflamasyon po bouch oswa lang, oswa gratèl) oswa alèji ak metwonidazòl (Flagyl) oswa tinidazòl.

Si w gen nepòt nan pwoblèm sa yo, al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa ale nan yon klinik pi vit posib pou yo ka ba w lòt medikaman ki trete trikomonaz.



### Poukisa mwen dwe pran medikaman sa a?

Si trikomonaz la pa trete, li kapab fè gen plis chans pou trape oswa pou ba moun VIH.



### Kòman mwen dwe pran medikaman sa a?

- Pran medikaman an nan bouch. Pa pataje l ak lòt moun. Ou bezwen pran tout tretman nèt pou l ka mache.
- Pran grenn lan an jan yo mande pou pran li a sou preskripsyon an oswa sou boutèy la. Asire w ou fini ak tout grenn yo.
- Pran medikaman an avèk oswa san manje. Lè ou pran li ak manje, sa a ka ede w anpeche vant fè mal.
- Pran grenn yo omwen 12 èdtan apre ou fin bwè yon bwason ki gen alkòl. Tann omwen twa (3) jou apre w fin pran medikaman an anvan w bwè yon bwason ki gen alkòl. Lè w itilize metwonidazòl ak alkòl ansanm, sa ka lakòz kranp nan vant, kè plen, vomisman, tèt fè mal epi sa ka lakòz figi w wouj.

- Si w vomi nan (1) inèdtan apre ou fin pran medikaman an, w ap bezwen pran yon lòt dòz paske medikaman an gendwa pa fè efè. Pou w jwenn plis medikaman, rele nan nimewo telefòn ki sou preskripsyon an, oswa al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa ale nan yon klinik.



## Kisa m dwe fè apre m fin pran medikaman sa a?

- Pa fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen pandan omwen sèt (7) jou apre ou menm ak patnè seksyèl ou a (yo) fin trete. Medikaman an pran sèt (7) jou pou l bay rezilta.
- Al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa yon klinik pou fè tès lòt STI yo, tankou VIH.



## E si mwen pa panse m gen trikomonaz?

Ou kapab gen trikomonaz menm si w santi w an sante epi ou pa santi okenn sentòm. Ou kapab fè tès pou konnen si w gen trikomonaz. Men, ou dwe toujou pran medikaman an kounya.



## E si mwen ansent, mwen panse mwen petèt ansent oswa m ap bay tibebe tete?

Metwonidazòl se yon medikaman ki san danje pou moun ansent, epi li ka ede w anpeche tibebe a enfekte pandan gwosès la ak pandan akouchman an. Si li pa trete, trikomonaz ka lakòz ou fè tibebe w la twò bonè (akouchman prematire), epi li ka lakòz tibebe w la gen yon pwa ki ba lè li fèt. Ou dwe al wè yon pwofesyonèl swen sante tou oswa al nan yon klinik pi vit posib epi di yo ou te nan tretman pou trikomonaz paske patnè seksyèl ou a te genyen l. Ou dwe mande yo fè tès pou ou pou lòt STI yo tou paske ou ka bay tibebe w la kèk lòt STI.

Si w ap bay ti bebe tete, tire lèt nan tete w lan epi vide li nan yon veso ("tire epi vide") jiska 24 èdtan apre w fin pran medikaman an — sa ap asire medikaman an p ap fè efè sou tibebe w la. Pa bay

tibebe a lèt nan tete ou. Lè w tire lèt la, s ap pèmèt ou konsève kantite lèt ou genyen an epi lè w vide lèt ki soti nan tete w la nan yon veso, sa ap asire medikaman an p ap fè efè sou tibebe w la.



## Èske medikaman sa a gen efè segondè?

Metwonidazòl pa gen okenn efè segondè sou anpil moun. Gen kèk moun ki ka gen dyare, vant fè mal, vètij oswa yon gou metal nan bouch yo. Anjeneral, efè segondè sa yo pa grav. Lèw bwè alkòl ak medikaman sa a, li ka lakòz yon reyaksyon grav ki ka gen ladan vant fè mal, kè plen, vomisman ak tèt fè mal.

Malgre yo ra, gen kèk moun metwonidazòl fè reyaksyon alèjik grav sou yo. Reyaksyon sa yo ka lakòz lafyè, doulè nan jwenti, pèt sansasyon oswa pikotman nan men ak pye, maladi kriz, pwoblèm respirasyon, kontraksyon pwatrin, gòj bouche, gratèl oswa anflamasyon po bouch oswa lang, ak bouton oswa itikè (tach sou po ki grate). Si w rankontre nenpòt nan reyaksyon sa yo apre w fin pran medikaman sa a, rele nan **911** tousuit oswa ale nan sèvis ijans ki pi pre w la.



## E si mwen pa ka peye medikaman an?

Ale nan yon Klinik Sante Seksyèl nan Vil Nouyòk epi di yo patnè seksyèl ou a (yo) gen trikomonaz. Pou w jwenn yon klinik, rele nan **311** oswa ale sou [nyc.gov/health/clinics](https://nyc.gov/health/clinics).



## Kijan mwen ka fè prevansyon kont STI yo?

Lè w toujou sèvi ak kapòt epi lè w sèvi ak li jan w dwe fè sa a lè w ap fè sèks se pi bon fason pou fè prevansyon kont STI yo.